# Лъэхъаным ишэпхъэ тхылъеджапI

**Чъэпыогъум и 16-м Адыгеим ятIонэрэ модельнэ тхылъеджапIэр мэфэкI шIыкIэм тетэу Мыекъуапэ къыщызэIуахыгъ, апэрэр Джэджэ районым щагъэпсыгъ. Ащ фэдэ амал къэзытыгъэр Лъэпкъ проектэу «Культурэр» игъорыгъоу гъэцэкIагъэ зэрэхъурэр ары.**

Тикъалэ итхылъеджэпIэ-къутамэу N 1-р ащ лъапсэ фэхъугъ, лIэужыкIэм гъэсэпIэ-еджапIэ, Iоф зыдэшIэжьыпIэ чIыпIэ лъэныкъуабэкIэ ар афэхъущт, культурнэ лэжьэпIэ инэу, хэти зыфэныкъо шIэныгъэхэр щигъотыщт. ТхылъеджапIэу охътакIэм диштэу агъэпсыгъэр Мыекъуапэ иурамэу Курганнэм тет.

Модельнэ шапхъэм къызэрэдилъытэу, тхылъеджапIэм ищыкIэгъэ оборудованиер (Iэмэ-псымэ зэфэшъхьафхэр), техникэр зэрагъэгъотыгъэх, тхылъеджапIэм иунэ гъэцэкIэжьын Iофышхохэри щыкIуагъэх ыкIи IэпкIэ-лъапкIэу зэIуахыжьыгъ.

АгъэкIэжьыгъэ тхылъеджапIэр япшъэрылъ елъытыгъэу зэхагъэкощыкIыгъ, апэрэ унэшхоу нэм къыкIидзэрэр зэIукIэпIэ, зэхэхьэпIэ залыр ары; етIанэ тхылъ мэкIайхэмкIэ зэлъыпкIэгъэ унэхэу тхылъеджапIэм ифонд зыщызэхэугъоягъэхэм уарэхьэ; нахь унэ цIыкIоу гупшысэпIэ-гъэпсэфыпIэ шъыпкъэр ыкIи техникэ зэфэшъхьафхэу бгъэфедэн плъэкIыщтхэр зэрытхэр — модельнэ тхылъеджапIэр — охътакIэм итхылъеджапI. Ныбжь зэфэшъхьаф зиIэ тхылъеджэхэм яуахътэ шIуагъэ къафихьэу зэхэщэгъэнымкIэ ищыкIэгъэ пстэур — тIысыпIи, тхэпIэ чIыпIи, техникэри арагъэгъотыгъэх. ТхылъеджапIэр фэныкъогъэнчъэу зэтырагъэпсыхьагъ. Мы модельнэ тхылъеджапIэм игъэпсын пае федеральнэ бюджетым къикIыгъэ сомэ миллиони 5, республикэ бюджетым щыщэу миллионныкъо ыкIи Мыекъопэ къэлэ бюджетым гъэцэкIэжьынышхохэу ашIыгъэхэм апэIухьэгъэ сомэ мин 613,3-р ыкIи тхылъ фондыр къэIэтыгъэным, тхылъыкIэхэр къэщэфыгъэным пае сомэ мин 700 къафатIупщыгъ. Модельнэ тхылъеджапIэм изэIухын-зэгъэзэфэн ежь тхылъеджапIэм иколлектив, АР-м и Лъэпкъ тхылъеджапIэ иIофышIэхэр ыкIи анахьэу Урысые къэралыгъо тхылъеджапIэм испециалистхэр зэрэхэлэжьагъэхэм, пIэлъэ кIэкIым къыкIоцI культурэ учреждениер охътакIэм диштэу гъэкIэжьыгъэнымкIэ лъэшэу яшIуагъэ къэкIуагъ.






МэфэкI къызэIухыгъом тхылъеджэхэми, коллективми яшъыпкъэу зыфагъэхьазырыгъ. ТхылъеджапIэм ыIупэ орэдыр оркестрэу ныбжьыкIэхэр зыхэтхэм щегъэжъынчы; художественнэ произведениехэм ахэт персонаж шъошэ-теплъэр зиIэ пшъэшъэ-кIалэхэр, адыгэ шъуашэр зыщыгъхэр, нахь цIыкIухэу, ублэпIэ классхэм ащеджэхэрэр гъэкIэрэкIэжьыгъэхэу, зэдырагъаштэу усэр къаIозэ тхылъеджэпIэ Iупэм къырекIокIых.

Лъэтегъэуцор зиIэ модельнэ тхылъеджэпIэ-къутамэу N 1-м идиректорэу Е. Н. Овсянниковам «дышъэ» IункIыбзэр ыIэгу илъэу, ар къызэIуихыным иIизын ратыгъ, хьакIэхэри, еджакIохэри, ны-тыхэри, Мыекъуапэ дэт тхылъеджапIэхэм, районхэм къарыкIыгъэ лIыкIохэр, Адыгэ Республикэм культурэмкIэ и Министерствэ иIофышIэхэр апэ итхэу тхылъеджэпIэ гъэшIэгъоным чIэхьэх. Москва къикIыгъэ хьакIэхэу, пшъэшъэ ныбжьыкIэхэу, зисэнэхьат шъыпкъагъэрэ хэшIыкIрэ фызиIэхэу, Урысые къэралыгъо тхылъеджапIэм иIофышIэ шъхьаIэхэу, Мыекъопэ модельнэ тхылъеджапIэу непэ къызэIуахырэм игъэпсын чанэу хэлэжьагъэхэу Анастасия Шинко ыкIи Виолетта Дьяченкэр зэрэщыIагъэхэм къыгъэбжьышIуагъ.



Модельнэ тхылъеджапIэм ипчъэхэр къызэIуихыгъ. Ащ пстэуми апэу шIуфэс гущыIэ фабэ къыщиIуагъ Адыгэ Республикэм культурэмкIэ иминистрэу Аулъэ Юрэ. Мы илъэситIум культурэм лъэбэкъушIухэр зэришIыхэрэр зэригуапэр, Джэджэ районымкIэ станицэу Дондуковскэм апэрэ модельнэ тхылъеджапIэр чъэпыогъум и 2-м къызэрэщызэIуахыгъэр, джы Мыекъуапэ ащ фэдэ культурэ гупчэр къызэрэщызэIуахырэм зэригъэгушIорэр, тапэкIи мы Iофыр зэрэлъагъэкIотэщтыр кIигъэтхъыгъ. Модельнэ шапхъэр зиIэ тхылъеджапIэм игъэпсынкIэ IофшIэнышхо зыпшъэ ифагъэхэм, Москва къикIыгъэ специалист чанхэм «Тхьашъуегъэпсэу!» къариIуагъ, тхылъеджапIэм гъэхъэгъакIэхэмкIэ къыфэлъэIуагъ.

***(ИкIэух я 2-рэ нэкIуб. ит).***

# Лъэхъаным ишэпхъэ тхылъеджапI

*(ИкIэух).*

МэфэкI зэIукIэм хэлэжьагъэх ыкIи къыщыгущыIагъэх Мыекъуапэ иадминистрацие ипащэу А.Л. Гетмановыр, народнэ депутатхэм я Совет итхьаматэу А. Джарымэкъор. ОхътакIэм итхылъеджапIэ тикъалэ къызэрэдэтэджагъэр хъугъэ-шIэгъэ гушIуагъоу алъытагъ, мы модельнэ тхылъеджапIэр ыкIи тапэкIэ къызэIуахыщтхэр гъэсэныгъэ-шIэныгъэ шъолъырыр зэIызгъэкIотыщтхэу зэрэщытыр кIагъэтхъыгъ. ЦIыфхэр бэу къафэкIонхэу, гъэсэныгъэ-шIэныгъэм сыдигъуи ифэшъошэ чIыпIэ иIэнэу, тиныбжьыкIэхэм ашIоигъо лъагъор агъотынымкIэ къашъхьэпэнхэу, ямурадхэр дахэу пхыращынхэу къафаIуагъ.

Мыекъопэ ЦБС-м ипащэу Джарымэкъо Мирэ ипсалъэ анахь къыхэщыгъэр апэкIэ лъыкIотэнхэмкIэ зэкIэ IэпыIэгъу къафэхъугъэхэм — Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет, культурэмкIэ Министерствэм, къалэу Мыекъуапэ иадминистрацие ипащэ тхылъеджэпIэ системэм хэтхэу Москва къикIыгъэ пшъэшъэчанхэм зэрафэразэхэр, пстэуми акIуачIэ зыхэлъ тхылъеджапIэм тапэкIэ егугъоу Iоф зэришIэщтыр, ныбжьыкIэхэм япIуныгъэ-гъэсэныгъэ, культурэр зэрагъэпытэщтыр къыIуагъ. Ащ пыдзагъэу тхылъеджапIэм игъэпсыкIэ-зэхэтыкIэ хьакIэхэр фигъэнэIосагъэх.

МэфэкI шIыкIэм тетэу къызэIуахыгъэ модельнэ тхылъеджапIэм ипчъэIу къыщызэхэхьэгъэ цIыфхэм концерт-программэ ин къяжэщтыгъ: музыкальнэ номерхэр, къэгъэлъэгъонхэр, сурэтзытехыпIэхэр, нэмыкIхэр. Лъэтегъэуцор мэфэ реным кIуагъэ: мастер-классхэр, литературэ джэгунхэр, викторинэхэр, сурэттехыгъэ вернисажэу «Мой любимый город Майкоп» афызэхащагъэх. МэфэкIым ыкIэм тхылъеджэ анахь дэгъухэр къыхагъэщыгъэх, щагъэшIуагъэх.

***МАМЫРЫКЪО Нуриет.***

*Сурэтхэр Iэшъынэ Аслъан тырихыгъэх.*

